tëëñ	lice
tilim (st.)	to be dirty
torop	very
wal	to pound grain
wëlbëti	to turn over
wër (st.)	to be cured
wër (g.)	health
wergi yaram	healthy body
xeex	to fight
xeex (b.)	fight
yëpp	all, every

CHAPTER IX

SECTION I: DESCRIBING PEOPLE

1. Describing someone or something:

- A. The question Naka lè mel? = What is he/she/it like? can refer to both physical and moral description. To answer this question, the construction with the dafa form is very often used. Thus:

Dafa njool.	He/she is tall.
Noom dañu gatt.	They are short.
Suma xarit dafa yam.	My friend is medium size.
Kër gi dafa rëy.	The house is big.

If the dafa is not used, a construction with a relative pronoun can be substituted.

Dafa njool. could be expressed as Ku njool lë.

<u>Noom danu gatt.</u>	<u>Noom ñu gatt lënu.</u>
------------------------	---------------------------

To describe someone's complexion the words ñuul = to be dark/black, xees = to be of light complexion, and xeereer = (to be in between not too dark, not too light) are used.

Note that these terms are strictly used when describing somebody's complexion.

- B. Another way of giving a description is with the construction am plus the noun. Examples:

Moussa dafa am xel.	Moussa is smart.
Moussa am në xel.	

- C. "Description" Vocabulary

ñuul	to be black/dark
xees	to be light
xeereer	to be in between dark and light
sew	to be thin
njool	to be tall
gatt	to be short
yam	to be of average size
rafet	to be pretty
jekk	to be elegant
magget	to be old
rey	to be fat

dof	stupid
reew	rude
ɲott	stingy
reelu	funny
soof	dull
baax	good
bon	bad
am yaram	to be fat
am bët	to have big eyes
am taxawaay	to be tall
am jëmm	to be tall
am taar	to be pretty
am taat	to have a big "derrière"
am xel	to be smart
am xamxam	to be knowledgeable
am wërsëg	
am barke	to be lucky
am tuyaaba	
am doole	to be strong

2. Comparison

A. Equality

The English construction as --- as, example "John is as tall as Nancy." does not exist in Wolof. The equivalent structure is in the form:

John ag Nancy ñoo toollo.	John and Nancy are of the same size.
Lisa ag Eva ñoo niróó.	Lisa and Eva look alike.
Tééré bii ag tééré bii ñoo yam.	This book and that book are equal.
Suma rak ag sa mag ñoo maase.	My younger brother/sister and your older brother/sister have the same age.

Another way of expressing equality is with the use of the word benn and the predicator lë. Examples:

Tééré yi benn lëñu.	These books are the same.
Bii ag bele benn lenu/benn le.	This one and that one are similar.

3. Superiority

Two constructions are used and can roughly be categorized as follows:

A. Corresponding to the dafa construction:

Justine moo gën njool Pat.	Justine is taller than Pat.
Siis bii moo gën rëy siis bii.	This chair is bigger than this chair.
Tool yi ñoo gën yaatu tool yii.	These fields are wider than these fields.

Man maa ko gën gatt.

I am shorter than he.

B. Corresponding to the am plus a noun construction:

Coumba moo ëpp xel Awa.

Coumba is smarter than Awa.
(literally - has more brains)

Yow yaa ëpp wërsëg Ndiouga Kebe. You are luckier than Ndiouga Kebe.

Maa lë ëpp xaalis.

I have more money than you.

C. The word daq is used often when expressing superiority. It has the general meaning of "to be better than". When used with another verb, it is like an auxiliary and it modifies that verb.

Niokhor moo daq liggëey Ablaye. Niokhor works better than Ablaye.

Fatou moo daq jan Samba.

Fatou is a better student (studies better) than Samba.

When used alone (i.e., without another verb), daq takes the meaning of better. Depending on the context, it can have a very specialized meaning:

Abi moo daq Ana.

Abi is prettier than Ana.

Ceebu jën moo daq mafe.

Ceebu jën is tastier than mafe.

Suma simis moo daq sa simis.

My shirt is prettier than your shirt.

Sënëgal moo daq Amerik.

Senegal is better (looking/living) than America.

D. Tane means better but is not used in the same way daq is. It is the opposite of yees (see below) and indicates a general superiority (e.g., the meaning in Mangi tane. = I am feeling better.)

Tane is used in the existence of some negative aspect of a description.

Siis bii baaxul, siis bii itam baaxul, wante bii moo tane bii.

This chair is not good, and this chair is not good either, but this one is better than this one.

4. Expressing difference

-wuté = to be different

Siis bii ag siis bëlë wuté nënu.

This chair and that chair are different.

-duñu been = not the same one

Sënëgal ag Amerik duñu benn.

Senegal and America are not the same.

-bokk-uñu = do not share

Ñoom ñaar bokkuñu.

They are not the same.

5. Inferiority

The word yees has the meaning of "worse":

Yoon wii mōō yees.

This way(road) is worse.

There is not an equivalent of the English less -- than; instead in Wolof the gën construction and the opposite verb are used. Example:

(instead of saying)

This house is less pretty than that house. Wolof's would say, "That house is prettier than this house."

*VOCABULAIRE SUPPLEMENTAIRE POUR MILIEUR RURAL

*SPECIAL VOCABULARY FOR RURAL FOCUS

Note: A utiliser avec les cycles precedents.

Use with the preceding cycles.

Tool bi dafa yaa. (yaatu) ndaw sore	The field is large. small far	Le champ est large. petit loin
Nawet bi baax-në.		
Nawetu ren ag nawetu daaw noo niroo.	This rainy season and the last are similar	Cet hivernage et l'hiver- nage passe se ressemblent.
Masin moõ gen gaaw illeer.	A machine is faster than an hoe.	Une machine est plus rapide qu'une daba.
Bay gugub moõ gea bay gerte.	It's better to grow millet than to grow peanuts.	C'est mieux de cultiver du mil que de cultiver de l'arachide.
Ren moo tane daaw.	This year is better than last year.	Cette année est meilleur que l'année dernière
Sine Saloum moõ ëpp ndox fleuve.	The Sine Saloum region has more water than the fleuve region.	La region du Sine Saloum a plus d'eau que la region du fleuve.

*LEÇON SPECIALE SUR LA SANTE

*SPECIAL LESSON ON HEALTH

NAKA LĒNU-Y XEEEXE AG TILIM (suite)

Nañu faral di raxasoo saabu. Saa yoo laale dara war-ngë' raxasu ndax fii
dañu-y faral di ñaq lu bare.

Nit ku nekk warnë di sangu bés bu nekk. Cangaay mooy setal yaram bë mu mën
di noyyi.

*LEÇON SPECIALE SUR L'AGRICULTURE

SPECIAL LESSON ON AGRICULTURE

MBAYUM GERTE (suite)

Su gerte gi nekkee ci naaj wi ab diir, dañu koy dajale def ko ay tar bayyi leen fë ñu-y wow ndank-ndank.

Su loolu weesoo, ñu dajale leen def ay naaf. Mën-nëñu aj lépp ci kaw ay bant yu ñu samp; su ko defee, gerte gi dootul laal suuf.

CULTURAL NOTES: SUPERSTITION AND BELIEFS

Despite the strong influence of the Islamic religion, the Wolof society still has practices that undoubtedly originate from past animist beliefs. Animism can be roughly described as a religion in which people do not believe in one God but they rather believe in several Gods represented by natural phenomena such as the wind, the rain, etc. Among the majority of the Wolof, strong faith in the Muslim religion does not prevent these practices. Following are some terms and their meanings relative to these practices.

TEERE (or, gris-gris) These are amulets that men and women wear around the waist, neck, arms, legs. They serve as protection against the devil and the bad spirits.

KAAR This word is repeated whenever someone is praised, especially a child. For example: Xale bi rafet në. Kaar. This expression is said to "protect" the child from evil spirits. There is a belief that if you praise a baby, the evil spirits will hear about it and take the child away. (This belief is still very strong, probably because the infant mortality is still very high.)

DEM Witches. Witchcraft is inherited maternally, i.e., a person whose mother is a dém is automatically a dém. A person whose father is a dém is a nóoxóor. A nóoxóor is less harmful than a dém. There is a great fear of a dém. They eat people's souls and can transform into animals (cats, hyennas or into the wind.

JINNE Spirits.

RAB Spirits of a certain group. It can appear in visible forms such as one of an animal, snake - bird, etc.

SEYTAANE The devil (satan)

NDEPP Dance of possession, organized to cure people who are mentally ill.

Superstition is very common and you may as an exercise ask your instructors or friends to tell you some of these beliefs.



SECTION II: D I A L O G U E

NUNGI TAGGOO

Juróom nenteel-u waxtaan
Neuvième dialogue
Ninth Conversation

Samba ag John nungi taggoo.

Samba and John are saying goodbye.

Samba et John se disent au-revoir.

JOHN:	Mangi dem.	I'm leaving.	Je m'en vais.
SAMBA:	Yangi dem. Ngè nuyul mè sa waa kër.	You're leaving. Say hello to your family for me.	Vous partez. Dites bonjour à la famille de ma part.
JOHN:	Dinëñu ko dëgg.	They'll hear it.	Ils l'entendront.
SAMBA:	John...	John...	John
JOHN:	Naam.	Yes.	Oui.
SAMBA:	Loo-y def ëlëg ci ngoon?	What are your doing tomorrow afternoon?	Que faites vous demain après-midi?
JOHN:	Man? Dara.	Me? Nothing.	Moi? Rien.
SAMBA:	Doo new ker ge naansi attaya?	Won't you come to the house for tea?	Ne venez-vous pas à la maison boire du the?
JOHN:	Ci ban waxtu?	At what time?	À quelle heure?
SAMBA:	Soo waccee ci takkusaan.	When you get off work around 5:00 p.m.	Quand vous sortez du travail vers 5 heures.
JOHN:	Baaxnë, dinaa n'ëw, bu soobee yalla.	Okay, I'll come, if it pleases God.	D'accord, je viendrai s'il plait à Dieu.
SAMBA:	Di-naa lë xaar.	I'll wait for you.	Je vous attendrai.

*DIALOGUE SPECIALE POUR MILIEU RURAL

*SPECIAL CONVERSATION FOR RURAL FOCUS

"-ANGI TAGGOOK IBRA

John ag Samba angi taggook Ibra.

John and Samba are saying goodbye to Ibra.

John et Samba disent au-revoir à Ibra.

IBRA:	Mangi ñew dem bë kër gè.	I'm going to go home.	Je vais m'en aller à la maison.
JOHN:	Ah, fōō jëm; bul yaq waxtaan wi waay.	Where are you going; don't spoil the conversation.	Où allez-vous, ne gachez pas la conversation.
IBRA:	Du ngeen ñew ñu aña.	Won't you come have lunch.	Ne venez-vous pas déjeuner.
SAMBA:	Na ci jamm bare.	Peace be plenty in it. (No, thanks eat in peace)	Non merci (Mangez en paix.)
IBRA:	Waaw, xanaa dingeen naan-si attaya?	Well, you will come for tea?	Bon, j'espère que vous viendrez boire du thé?
SAMBA:	Ban waxtu?	At what time?	A quelle heure?
IBRA:	Ci booru tisbaar su ngeen anee bë noppi.	Around 2 after you finish lunch.	Vers 2 heures, après le déjeuner.
JOHN:	Dinenu ñew, waaye bu leen-ñu xaar.	We'll come but don't wait for us.	Nous viendrons, mais ne nous attendez pas.
IBRA:	Su ngeen ñewul duñu tambali. Dinëñu leen xaar.	If you don't come we won't start. We will wait for you.	Si vous ne venez pas, ne commencerons pas. Nous vous attendrons.
JOHN:	Baaxñe dinëñu ñew, bu soobee yalla.	Okay, we'll come if it pleases god.	D'accord, nous viendrons, s'il plait à Dieu.

SECTION III: G R A M M A R

Expressing Future

As you recall (See note 2, Chapter IV) the particle di was described as an auxiliary verb that indicates either incompleteness or future. The way it is used when expressing the future tense is in combination with the marker ně. The different forms appear in the paradigm below. These forms are used for non-negated sentences (See the following Chapter for negated forms.).

	SINGULAR	PLURAL
1st person	dinaa	dinëñu
2nd person	dingé	dingeen
3rd person	dinë	dinëñu

The particle is placed before the verb. It is used with both active and stative verbs. Examples are following:

Dinëñu ko dēgg.

They will hear it.

Samba dině xaar John.

Samba will wait for John.

Dingé am xaalis.

You will have money.

When the particle di is attached to the dinë form, it gives the meaning of "usually". Examples are following:

Dinëñu-y naan àttaya.

We usually drink tea.

Dinë-y nelaw bëccēg.

He usually sleeps in the daytime.

SECTION IV: Q U E S T I O N S

Yangi dem?

John, mungi dem?

Ngë nuyul më waa kër gë.

Ngë nuyul më Samba.

John, taggu-në Samba?

Naka lë ko taggoo?

John, lumu-y def subë ci ngoon?

Loo-y def lëëgi?

Irene, lu muy def lëëgi?

John, dinë naansi àttaya?

Yow nag, dingë naansi àttaya?

John, ci ban waxtu lë-y ñëw?

Yow, ci ban waxtu ngë-y ñëw?

Am ngë montar?

Ban waxtu moo jot?

Samba dinë xaar John?

Kan lë-y xaar?

Kan ngë-y xaar?

Dingë më xaar tey?

Moom dinë dem dëkk bë ngoon?

*QUESTIONS POUR DIALOGUE SPECIAL

Ibra fu mu jëm?

Yow, yangi ñew dem Dakar?

Yangi dem?

Doo ñew naansi àttaya?

Du ngeen ñew ñu aani?

Yow dingé naansi àttaya?

Samba ag John dinëñu naansi àttaya?

Ci ban waxtu lënyuy naan-si àttaya?

Sooañee bë noppi looy def?

Sooreer bë noppi looy def?

Soowaccæ bë noppi looy def?

Yéén dingeen ñew?

Dingé ñu xaar?

Dingé leen xaar?

Ibra diné xaar Samba ag John?

John ag Samba dinëñu ñew?

SECTION VI: WRITTEN EXERCISES

1. Translate into English

Dinėñu dem Dakar. _____

Jigēēn ñi dinēñu ñew ngoon. _____

Man dinaa seeti suma baay. _____

Dinėñu ko dēgg. _____

Xale bi dinē somn. _____

Yeen dingeen am wērség. _____

Suma waa kër dinēñu ñew Senegal. _____

Jabaram dinē togg ceeb. _____

Tapha dinē naansi attaya. _____

2. Translate into Wolof

We usually drink tea. _____

They usually get sick. _____

You will talk with the chief. _____

Someday he will visit America. _____

Millet will kill me. _____

Wolof will be difficult to learn. _____

My older brother is stingy. _____

3. Write an Answer to the Following Questions

Sa mag naka lë mel? _____

Sa rakk moo gën gätt sa mag? _____

Carter ag Regan, ñoo nirōō? _____


Kareem Abdul Jabaar ag Mickey Rooney kan moo gën njool (moo sut)? _____

Yaag sa jangalekat yēēñe maase? _____

Sēēn kër ag "white house" ñoo tolloō? _____

Maag yowbenn lenu? _____

Ceebu jen ag yassa bu daq? _____



VOCABULARY FOR CHAPTER IX

ab	the
aj	to place on top
am bët	to have big eyes
am jëmm	to be tall
am taar	to be pretty
am taxawaay	to be tall
am yaram	to be fat
bokk	to be the same, to share
bon	to be bad
bul	don't (singular)
canggaay	bath
dajale	to gather, to assemble, to collect
diir	to aim at, to sight
diir (b.)	a period of time, duration, at short notice
dof	to be stupid, to be crazy
dof (b.)	madman, lunatic
doole (j.)	strength
faral (st.)	to be often
gàtt (st.)	to be short
illeer	an hoe
jekk	elegant
maase	to have the same age
mel	to be like, to look like, to be similar
naaf	pile
ndank (ndank-ndank)	slowly
niróó, nuróó	to look alike, to resemble
ɲott	to be stingy
noyyi	to breath
nuroó, niróó	to look alike to resemble
rafet (st.)	to be pretty
reelu (st.)	to be funny
reew (st.)	to be rude
ren	this year
samp	to fix in the ground, to fasten
set (st.)	to be clean
sew (st.)	to be thin
soof (st.)	to be dull
taggoo	to say goodbye
taggu	to say goodbye to someone
tambali	to start, to begin
tane	to be better than
tar	piles
tolloo	to have the same size

weesoo

to pass: su loolu weesoo
after that happens

wërsëg (barke, tuyaaba) (w.)

luck, chance

woow

to be dry

wuutë

to be different

xeereer

to be a little light

xees

to be of lighter skin

xel (m.)

memory, mind, smart

(to be smart - am xel)

yaatu

to be wide, to be spacious

yam, yem

to be average, to have the same size, to be ready

yëes

to be worse

CHAPTER X

SECTION I: EXPRESSING "DON'T" (bul)

- | | | |
|----|---------------|----------------------|
| 1. | Bul yakkanti. | Don't be in a hurry. |
| | Buleen dem. | Don't (plural) go. |
| | Bul jooy. | Don't cry |
| | Buleen mer. | Don't be mad. |
| | Bul yagg. | Don't be long. |

The study of the imperative negative is taken up in the grammar section
Another interesting construction to concentrate on is the one as follows:

- | | | |
|----|-------------------|---------------------------|
| 2. | Léégi mu ñew. | He/she will come soon. |
| | Léégi ñu dellusi. | They will be back soon. |
| | Léégi añ noppi. | Lunch will be ready soon. |

3. The verb ñew to come is used to express the English "I am going to" or much more precisely "I am about to". Examples of this construction are as follows:

- | | |
|---------------------------|---------------------------------------|
| Mangi ñew dem. | I am going. |
| Mangi ñew yaq waxtaan wi. | I am going to spoil the conversation. |
| Yangi ñew jangi? | Are you about to go to school? |

4. Mangi dem té ñew. This is the standard expression that corresponds to the English "I'll be back." (the response to this expression: Demal te ñew.)

- | | | |
|----|-----------------------------|---------------------------------|
| 5. | Aminata nee në ngë ñew. | Aminata said (for you) to come. |
| | Baayam nee në mu toog. | His/her father said to sit. |
| | Seen yaay nee-në ngeen dem. | Your mother said to go. |
| | Wax ko mu ñew. | Tell him to come. |
| | Bayyi leen ñu toog. | Let them sit down. |
| | Ne ko mu wëri. | Tell him/her to go around. |
| | Wax leen ñu agsi. | Teel them to come in. |

Notice that in the above sentences the second verb takes the minimal construction which is discussed in the grammar section of this chapter.

*SPECIAL EXPRESSIONS FOR RURAL FOCUS

Bul teel déqi gerte gi.
Buleen jege teen bi lool.
Bul yaq mbay mi.

Don't harvest the peanuts too soon.
Don't be too close to the well.
Don't spoil the harvest

Mangi ñew taxani.
Ñungi ñew peese ji suñu gerte.

I'm going to go fetch wood.
We are going to go weigh our peanuts.

Seef bi nee në mu agsi.
Sëriñëm nee në mu toog.
Seen kilifë nee në ñu def ko.
Nee ko mu rooti.
Bayyi leen ñu roose tool bi.
Wax ko mu saxal tamaate.
Wax leen ñu sang seen doom.

The chief said to come.
Her husband said (for her) to stay.
Their boss said to do it.
Tell him/her to go fetch water
Let them water the garden.
Tell him to grow tomatoes
Tell them to wash their children.

*SPECIAL LESSON ON HEALTH

FEEBAR-U ƊAS

Feebaru Ɗas feebar bu metti lè. Feebar lè boo xamne xale yi lè-y dal. Dafay rey ci lu gaaw a gaaw. Ɗas dafa-y wallaate.

Su xale bu dara jotul nekkee ag xale bu Ɗas, ki dara jotul mèn-nè daldi Ɗas moom itam. Su Ɗas dalee xale, war-ngeen ko nemmeeku ci teel, faj ko, mu wér. Waaye su xale bi di liir feebar bi mèn nè ko rey. Kon boog war ngeen moytu seen liir di jege képp ku Ɗas.

*SPECIAL LESSON ON AGRICULTURE

MBAYUM GERTE

Ken war-ul bayyi gerte ci tool, ci suuf-u jant bi ay fan yu bare te dajale woo ko. Loolu dafay tax gerte gi gaaw a waw, xob yi gaaw a ruus. Ken warul dajale gerte gu xob yi wert walla gerte gu tawte bë tooy.

Ku dajale sa gerte bë noppi, mu taw ci kawam taw bu metti, danga ko-y tassat ndax mu fendi, su dul loolu gerte gi dafay nèb.

CULTURAL NOTES: RELIGIOUS HOLIDAYS

All of the Muslim religious holidays follow the Muslim calendar, which is the lunar calendar. For this reason, every year the holidays fall on different dates. Following is a list of some of the different holidays celebrated in Senegal and their significance.

Tamkarit

Is the Muslim New Year. It is believed that on this day God decides on everyone's destiny. In the various mosques, cows are sacrificed and shared among families. It is customary during the evening to prepare a cere (millet couscous) dish. The dish is eaten with milk and at the end of the meal, the bowl is returned and every member of the household makes a wish while picking up the bowl and moving it up and down. It is said that if one does not eat until full during the meal, he or she will never have another chance to do so. Because of this belief, everyone is expected to eat a lot. After dinner, children and teenagers go for the taajaboön. They masquerade themselves (similar to Halloween in the states) and they go from house to house to collect sarax (charity). It is also said that during this night God forgives all sins. Because of this belief, minor stealing (such as chickens, etc.) is allowed. Also, during this day men, women and children put on the tusngël which is a special makeup placed just under the eye.

Gammu or Mawluud

This is the celebration of the prophet Mohamed's birthday. Songs are sung during the entire night. In Senegal, the largest celebration takes place in Tivaouane which is the capital of the Muslim sect called the Tijaan.

Maggal

This is the annual pilgrimage to Touba, the capital of the Muslim sect called the Murid. This is the largest pilgrimage which takes place in the country. It has been estimated that over 1,000,000 people make the pilgrimage every year.

Korite

This is the holiday that marks the end of the fasting period called Ramadan. During this holiday, men, women and children put on new clothes. The men and children (especially the boys) go to a special prayer at the mosque in the morning. When they return from the mosque, laax is served. Laax is a porridge like dish served with curdled milk or a sauce made from peanuts, buy (the fruit of the baobab tree) and sugar. In the afternoon the men go from house to house asking forgiveness and paying their respects and wishing dëwënëti (until next year) to friends and relatives. Children go from house to house to collect ndëwënël (small gift of money that adults are obliged to give that day).

Tabaski also known as "fête du mouton"

On this day every household is expected to kill a lamb in sacrifice. The killing of the lamb takes place after a special morning prayer is said at the "Grand Mosque." The killing is performed by the head of the household while he is slitting the animal's throat, his family lines up behind him as a symbol that they too take part in this sacrifice. Some of the meat is consumed by the family, however most of it is distributed to neighbors and relatives and especially the poor. In the afternoon, just as during Korite, visits to parents by adults, particularly the men wishing dewéneti.



SECTION II: D I A L O G U E

JĚNDI SUUKĚR AG WARGĚ

FukkĚĚlu waxtaan
Tenth Conversation

Samba ag John ņungi jĚndi suukĚr ag wargĚ.

Samba and John are going to buy sugar and tea.

SAMBA: John dĚġ mĚ gungĚ butig bĚ? John, won't you accompany me to the shop?

JOHN: Ax kay, mbaa sorewul? Of course, hope it isn't far?

SAMBA: DĚĚdĚĚt. Mungi fĚle ci wet-u No, it's over there next to Ibou's
kĚr Ibou. house.

Ci biir butig bi. In the shop.

SAMBA: Naar bi kaay jaay ņu waay. Naar, come and sell to us.

NAAR: Mangi ņĚw. Lan ngeen bĚgg? I'm coming. What do you want?

SAMBA: Boyatu suukĚr ag bern paketu A box of sugar and a package of tea.
warga.

NAAR: Ag lan? What else?

JOHN: Amuloo fi naanaa? Don't you have any mint here?

NAAR: DĚĚdĚĚt duņu jaay naanaa. No, we don't sell mint. Look over
Seetal fĚle ci wetu bulansĚri there, next to the bakery.
bĚ.

JOHN: BaaxnĚ. Laxasal ņu warga wi Okay. Wrap the tea and sugar for us.
ag suukĚr si. Naata lĚ? How much is it?

NAAR: Paketu wargĚ _____ *
'boyatusuukĚr _____ *
my _____ *
The package of tea _____ *,
the box of sugar _____ *,
totals _____ *

SAMBA: Am ņaari tĚmĚĚr ěngi. Jox Here's a thousand CFA. Give me my
mĚ sumĚ weccit. my change.

NAAR: Am sa weccit. Here's your change.

*insert current prices.

SECTION III: G R A M M A R

1. Negative Imperative

As you recall, imperative in Wolof is formed by using the suffixes -al; for the singular and -leen for the plural to the main verb. For the negative imperative the particles bul (singular) and buleen (plural) are used. A major difference between these and al and leen is that for the negative imperative the particles are placed before the verb. Thus:

Bul mer.	Don't be mad.
Buleen indi tēere bi.	Don't bring the book.
Bul wax loolu.	Don't say that.

2. Imperative with Pronouns

When the object of the main verb is a pronoun, in a non-negated imperative sentence, the particles -al and leen are purely and simply omitted and just the infinitive is used. Compare the following pairs of sentences:

Indil ndēs mē.	Kindi ko.
Jox-al tēerē bi xale bi.	Jox ko xale bi.
Wax-al Moussa ag Tapha ñu ñew.	Wax leen nu new.
Demal Dakar.	Dem fē.

If it is a negated sentence, the expressions bul and buleen are still used but with the singular bul the l is sometimes omitted. Thus:

Bul jox tēerē bi xale bi.	Bu(l) ko jox xale bi.
Bul dem Dakar.	Bu fē dem.

3. Negative Future

The paradigm below gives the different forms of the particle du that marks the future negative.

	Singular	Plural
1st person	dumē	duñu
2nd person	doo	dungeen
3rd person	du	duñu

Dumē dem Dakar ngoon.
Doo ñew kër gé naansi attaya?

I won't go to Dakar this afternoon.
Won't you come to the house for tea?

Notice also that as we saw in Chapter II, Section I, Note 6. the particle can have the meaning of "is not". This happens when it is followed by a noun.

Kii du Americain.
Lii du teērē, simis lë.

He's not American.
It's not a book, it's a shirt.

4. Minimal Verbal Construction and Verbs of Communication

This construction is called minimal because it does not use the particle angi, na, dafa or la. The use of this particular construction is presented in this chapter with verbs we can call verbs of communication. Such verbs are verbs like wax, ne and any verb that inherently contain the idea of giving a message. It is also used with verbs of volition like bëgg.

In English the infinitive would be used for this kind of construction as in: Tell him to go. or, Ask them to leave.

In Wolof, the minimal verbal construction consists of the subject followed by the verb. If the subject is pronominal, the subject pronouns take the following forms:

	Singular	Plural
1st person	më	ñu
2nd person	ngë	ngeen
3rd person	mu	ñu

Examples of this construction can be seen in the following sentences:

Bëgg ngë mu ñëw.	You want him/her to come.
Nee në ngë ñëw.	He said (for you) to come.
Sa yaay nee-në mu dem.	Your mother said (for him/her) to go.
Wax leen ñu agsi.	Tell them to come in.

This construction is also used with the temporal bi or bu like in the following sentences:

Bu më waccee.	When (if) I get off work.
Bi mu ñëwee.	When (if) he came.

It is also used a lot in narrative constructions such as the following:

Mu duggsi toog.....,	He came, sat down.....,
----------------------	-------------------------

SECTION IV: QUESTIONS

Samba lu mu-y jëndi?

John dinë gungé Samba?

Butig bë sore në?

Fu mu nekk?

Amerik, sore në?

Samba ag John luñu bëgg?

Yow lóó bëgg?

Boyatu suukër ñaata lè?

Paketu warga jafe në?

Ci Amerik, boyatu suukër ñaata lè?

Paketu warga jafe në?

Naar bi dinë jaay naanaa?

Fan lëñu-y jaay-e naanaa?

Fuñu-y jaaye mburu?

Boyatu suukër ag paketu warga ñaata lè?

Samba ñaate lè jox naar bi?

Weccit-u Samba ñaata lè.

Naar bi, am në weccit?

Yow am ngé weccitu ñaari jurni?

SECTION V: PROVERBS AND SAYINGS

1. Lu dul dëgg du yagg.
2. Loō bēgg yalla na-y jamm!
3. Alalu jaambur ba fē lē tudd.
4. Ka wax waxul ka jottēlēē wax.
5. Andal ag sa sago.

SECTION VI: WRITTEN EXERCISES

1. Put the following sentences in negative form:

Lekk leen mburu mi. _____

Demal fêlê. _____

Jaay nê ñaari kilo. _____

Joxal Moustapha xalis bi. _____

Toogal ci wetu bunt bi. _____

Indilêen kô fii. _____

Dugg-ël ci oto boobu. _____

Jaaral nii. _____

Dimbêli ñu. _____

Toog fê ñaari weer. _____

Def ci xorom. _____

Moustapha ag xaritam dinêñu dem Dakar. _____

Sa rakk dinê toog ci kër gè. _____

Dëkkëndōom dinê tukki ëllëg. _____

Dingë nêw kër gè. _____

Dingeen am barka. _____

Dinë dem ajjana. _____

2. Translate the following sentences into Wolof:

He asked him to come. _____

He said for him to eat the rice. _____

Aminata said for you to bring the book. _____

Your father wants him to work. _____

I want you to go now. _____

Don't let him touch the food. _____

When I go to the market I will buy it. _____

Let them sleep. _____

Thomas said to give him the hammer. _____

Coumba said for you to let her alone. _____

VOCABULARY FOR CHAPTER X

WOLOF

ENGLISH

dajale	to gether, to collect, to harvest
daldi	immediately, as soon as
dara	something (negative = nothing)
déqi	to harvest
fendi	to be drained
gungé	to accompany
itam, it, tamit	also, equally
jege (st.)	to be close
jooy	to cry
kaw, kow (g.)	up, up on top of, top, north
kepp	anyone
laxas	to wrap
mer (st.)	to be made, to be angry
moytu	to avoid
myy	equals, totals
naanaa	mint
nëb	to rot
nenmeeku	to recognize
ruus (st.)	to flake
sax	to grow
tassat	to spread
tawte (st.)	to be rained on
tax (st.)	to cause
tooy (st.)	to be humid, to be wet

wàll
warga

to contaminate
tea (leaves)

xob (b.)

leaf

yàq

to spoil

CHAPTER XI

SECTION I: P A S T T E N S E (doon)

1. Loo doon def sanq? What were you doing a while ago?

The past tense with di plus oon equals doon is presented in this chapter. As with oon (see Chapter VIII) the position of the particle doon depends on what kind of emphasis you want to give your sentence. The grammar section deals with this particle in detail but notice the different constructions.

- A. Dama doon noppëliku. I was resting.
Dafa doon sangu. He was taking a shower.
Dangeen doon waxtaan. You (plural) were chatting.

This construction is used when answering the question Loo doon def? What were you doing? or, when you want to explain the reason for your action (see Chapter V, Section III, Note 1.A.), example:

Question:

- Bi mē ñewee kër gë, loo doon def? When I came to the house, what were you doing?

Answer:

- Bi ngë ñewee kër gë, dama doon waxtaan ag sunë nijaay. When you came to the house, I was talking with my uncle

- B. Bi mu nekkee Amerik, Anglais lë doon jäng. When he/she was in the states, he/she was studying English.

- Bi ngeen dëkkëé France, Français ngeen doon lakk. When you lived in France, you were speaking in French.

2. The particle daan

Notice the use of the particle daan to mark repetition in the past:

- Amerik, jurōomi waxtu lëñu daan reer. In America, we use to eat dinner at 5 p.m.

- Bi ngë nekkee Amerik, lan-ngë daan def guddi? When you were in America, what did you (use to) do at night?

3. Expressing "to be" in the past

Recall that the particle di sometimes has the meaning "to be" as for example:

- Maa-y Wolof. I am Wolof (not you).
Dunë jangalekat, baykat laa. I am a cultivator, not a teacher.

The same holds true with doon, when it is followed by a noun:

Daaw Senghor moo doon peresidã.
Ku tudd Samba Niang moo doon
prefet bi.

Last year Senghor was President.
Someone named Samba Niang was the
prefect.

4. Negative of daan

Notice the negative construction:

Bu jëkk daawunë naan `attaya.
Bi mu nekkee Amerik, daawul lekke
loxo.
Amerik daawuru nelaw bëccëg.

Before I did not use to drink tea.
When she/he was in America, she/he did
not use to eat with his/her hand.
In America, we did not (use to) sleep
in the day.

*SPECIAL EXPRESSIONS FOR RURAL FOCUS

baye illeer	to cultivate with an agricultural instrument
ji arēēn	to plant peanuts
teel a ruuj seen tool	to turn the soil of one's farm
taw lu bare	a lot of rain
fēēxlu ci taatu garob	to rest under a tree
togge matt	to cook with wood
yar xar	to raise sheep
yar ginaar	to raise chickens
yar bëy	to raise goats
baxal ndoxu naan	to boil drinking water
takk tēēre	to wear "gris-gris"
lekk cere mbuum	to eat couscous made with a sauce from a local leaf vegetable
lekk laax	to eat a porridge
lekk ñebbe/sëb	to eat black-eyed peas
fōōtē loxo	to do laundry by hand

*SPECIAL LESSON ON HEALTH

FEEBAR-U ƝAS (continued)

Naka lēñu-y xamme xale bu Ɲas?

Amñe ñeenti melookaan yu ngeen war xool.

Wu jëkk wi

Xale bi dafay niisaam, di waccu, biir bi-y daw and ag soj mu metti.

Naareel wi


Tangaay-u yaram-u xale bi dafayyokku ñaar bé ñenti fan. Mu-y sèqèt bakkan yi di sotti ndox. Soo xoollee ci biir gēmin gi, ci lex yi ag ci tuñ-u suuf mi, dafay am yu weex yu mel ni feppi ceeb. Loolu yëpp ku ko gis ci sa doom war-ngé dem dispañseer ndax ci waxtu woowu lé feebar bi di walle.

Netteel wi

Tangaay-u yaram wi dafay metti. Picc yu sew di feeñ ci girnaaw nopp yi, ci kanam gi ag ci yaram wi wëpp. Su xale bi amee toptoo picc yi dinēñu ruus ci jurōom ñetteel-u fan wë, xale bi diné mel ni ku tane waaye feebar bi diné walle bé tey.

Ñeenteel wi

Picc-i xale bi dinēñu xub. Yaram wi dafay mel ni lu ñu puudër, puudër bu weex. Ci waxtu woowu lé xale bi war di lekk bu baax. Nam yi ko-y jox doole ñoo-y meew, yapp, nen ag ay lujum.



*SPECIAL LESSON ON AGRICULTURE

MBAYUM GERTE (continued)

Baykat warné dū wut jiwu ju baax. Warné tann jiwu ji bé mu set, puudér ko bu baax. Soo-y xolli gerte ngir wut jiwu, danga-y dindi kemb yi gunōōr yi bēnn ag kemb yi matul. Doom-u gerte bu matul da sax bu ñu ko jiwee.

Ku bēgg xolli jiwu dafa xaar bé nawet des tuuti; su dul loolu kemb gi dafay wow te warul wow koŋ bu ñu koy ji.

Baykat bu nekk warné-y puudér jiwoōm. Dafaywar jaxase puudér bi ag gerte gi yēngél ko bé doom bu nekk am puudér. Puudér bi nag poson lé. Ku ko jēfēndikóó bé noppi warngé raxasu bé set. Puudér bi warné sore xale yi itam.

Gerte gu ñu puudér du nèb te gunōōr yi duñu kō mén a lekk.

*SPECIAL VOCABULARY ON NUTRITION AND THE CHILD

xali bi

the child

fer

weaning period

xale bi fernë

the child is weaned

yaay jàngì feral doom ji

the mother is weaning her child

nàmp

to nurse

xale bangì nàmp bè tey

the child is still nursing

nàmpal

to nurse a child

yaay jàngì nàmpal doom ji

the mother is nursing her child

am nè fukki weer

he is ten months old

toppëtoo sa doom

to take care of one's child

baxal ndox

to boil water

magg

to grow

yooy

to be thin, to loose weight

nal limon

squeeze a lemon

nen

egg

yèngèl

to beat

jaxase

to mix

ngë def ko ndanj

to go easy with him/her

ngë naxante ag moom bè mu nangu

to play with him until he accepts

ngë jox ko ñaari kuddu

to give him/her two spoonsful

dugub	millet
-------	--------

arraw	to make little balls out of millet powder for <u>fonde</u> or <u>laax</u>
leket	calabash
bojj	to pound, to separate the grains from the stalk
bees	to winnow, to sift
jéri	to ventilate, to air
débt, wal	to pound
foof	the second winnowing to remove the hull
cox	hull
layu	winnowing basket
tame (from tamis)	sift
sunguf	very fine millet flour used for <u>caakri</u> and <u>fonde</u>
sanqal	not as fine a millet flour used for <u>laax</u> and <u>nelan</u>
xolli	to peel
mooñ	general preparation of couscous

ay ñam yu ñu defareeg dugub	some dishes and food made from millet
-----------------------------	---------------------------------------

laax	porridge like dish
cere	couscous
ruy	a drink made from millet flour

CULTURAL NOTES: L I F E C Y C L E

Birth and the Naming Ceremony -- (njuddu ag tudd)

The greatest difference between expecting parents in Senegal and the USA is that Wolofs have a great deal of superstition surrounding the event. For example people do not talk about the fact that someone is expecting a baby and complete discretion is observed during the entire pregnancy. It is believed that talking about the pregnancy could endanger the life of the baby. The terms used for expressing pregnancy are:

- jigeēnu biir lè
- jigeēnu wērul lè
- dafa ɛmb
- dafa biir (this term is a little vulgar)

After the baby is born, the naming ceremony takes place a week later. At the ngēnté (baptism) the name is revealed. The name is not known prior to the baptism. The baptism lasts all day, beginning early in the day by eating laax. The naming ceremony itself is performed by a marabout (a Muslim religious chief). The baby's head is shaven first and the marabout officially, or rather religiously gives the name that the father has chosen. Children are usually named after relatives or friends. In the case of twin girls, the names are usually Adama and Awa and for boys, Assane and Ousseynou. If the twins are a boy and a girl either of the two names are chosen for each.

In the following chapter you will find a list of appropriate terms and vocabulary for a baptism. Consult the chapter and have your instructor explain the terms.

Circumcision -- (njong)

For men, circumcision is a part of the life cycle in that it marks the beginning of manhood. An uncircumcised man is unable to perform many of the religious duties like leading prayers and sacrificing a lamb, chicken, etc.

Circumcision is a passage of rite and during the entire ceremony, the boys are educated. Boys who are circumcised, during the healing period wear a white robe and white hat and are called njulli and are supervised by an adult called a selbe. The njulli usually stay in the shed (mbaar) which is usually built for the ceremony.

Marriage -- (takk) (sëy)

Among traditional people, the first marriage is generally arranged by the parents and the young man or woman doesn't usually have any say in the matter.

If a man wants to marry, he can have his uncle (father's brother) do the preliminary negotiations. Upon acceptance by the woman's family, the man makes an offering to the family called may gu jëkk. This is usually a sum of money in addition to other things usually determined by the women's family.



SECTION II: D I A L O G U E

ATTAAYA DI WAXTAAN

Fukkéeelu waxtaan ag benn
Eleventh Dialogue

Samba ag John ñungi ãttaaya di waxtaan.
Samba and John are making tea and talking.

- JOHN: Am nè benn janq bu fii daan
romb ngoon gu nekk. Gëjnaa
ko gis. There is a young girl who use to go
by every evening. I haven't seen
her in a long time.
- SAMBA: Naka lé mel? What does she look like?
- JOHN: Janq bu xees lé te njool. She is young, light complexion and
tall.
- SAMBA: Ah, Astou. Dootul janq de,
léegi jeeg lé. Anné jëkkër
bè am doom. Ah, Astou. She is no longer a young
girl, she is a young woman. She has
a husband and (even) has a child.
- JOHN: Jëkkër-ëm lu mu-y liggëey? What does her husband do?
- SAMBA: Daaw dafa doon jang Anglais.
Léegi mungi wut liggëey wante
amëgul. Last year, he was studying English.
Now he's looking for a job but he
hasn't found (one) yet.
- JOHN: Xanaa Astou liggëeyëtul? Xëynë
dafay toppatoo doomam. Astou, doesn't work anymore? Perhaps
she takes care of her child.
- SAMBA: Doon-në liggëey bè weer wë-le
paase. Léegi day noppëliku. She was working up to this past month.
Now she's resting.
- JOHN: Loolu de baax-në ci. That's a good thing to do.



*SPECIAL CONVERSATION FOR RURAL FOCUS

DAAN DEF BI MU NEKKEE AMERIK

Añ nēnu bē noppi. Attaaya ji door-nē. Sambaag John ēngi waxtaan ci li John daan def bi mu nekkee Amerik.

Lunch is over and the tea has started to be served. Samba and John are talking about what John use to do when he was in America.

- SAMBA: Waaw, John bi ngē nekkee Amerik loo doon jang? Say, John, when you were in the USA, what were you studying?
- JOHN: Luñu-y wax "sociology" laa doon jang wante lēegi neexētū-mē. Mbiram koom-koom laa bēgg jang. Something called sociology is what I was studying but I don't like it anymore. I want to study economics.
- SAMBA: Wax ngē dēgg, mōō ēpp njariñ. Foo daan jange? You are right, it's more useful. Where did you study.
- JOHN: Ñaari at yu jēkk yi New York laa nekkoon. Naar yu mujj yi, mē dem Californie. The first two years, I was in New York, The last two I went to California.
- SAMBA: Jang rekk ngē daan def? Nan ngē daan dundé? You were studying only? How did you live?
- JOHN: Daan-naa liggēey itam. Ci bern restaurant laa nekkoon. Guddi laa daan liggēey di jang bëccég. I use to work too. I was in a restaurant. I use to work at night and study in the day.
- SAMBA: Xanaa daa-wuloo noppēlu? You didn't use to rest?
- JOHN: Mukk, Amerik kern amul jot, te dañu yakkanti. Never, in America no one has time and everyone is in a hurry.
- SAMBA: Mbaa nammēguloō saa waa kēr? Hope you are not yet lonely for your family?
- JOHN: Namnaa leen, wante bēgg-ēgume ñibbi. I am lonely for them but I don't want to go home yet.
- SAMBA: Yow kay, dootoo ñibbi. Dañu lé' fi-y tēyé. You won't go back home. We will keep you here.



192A

SECTION III: G R A M M A R

1. The Temporal bi (or ba)

As you recall (see Chapter V, Section III, Note 4.) there is a special relative pronoun that indicates the time in which the action of a verb takes place. The form we discussed then was the form bu or su. Here we introduce the same construction but with the vowel -i or -e or -a as:

Bi mē nekkee Amerik..... When I was in America.....
 Ba mu demee dēkk bē..... When he/she went to town.....

The difference between bu and bi is that the latter indicates that the time in which the action of the verb takes place has already gone by. While bu is hypothetical, bi refers to a specific time that is past. Because of that, bi is never conditional.

As in constructions in the present tense, the particle di is also used in the past to indicate the durative aspect.

Bi mē-y liggēēy..... When I was working.....
 Bi ngeen di nēw..... When you (plural) were coming.....

NOTE:

Unlike with bu, the temporal bi (or ba) does not have a variant with the consonant "s".

With bu (ba) the subject pronouns have the following forms:

	Singular	Plural
1st person	ma	ñu
2nd person	ngē	ngeen
3rd person	mu	ñu

2. Past Time with -doon

The particle doon is issued from the combination of the particles di and oon. It indicates that an action in the past was incomplete. It roughly corresponds to the English was/were plus .ing.

As with the marker woon (see Chapter VIII, Section III, Note 2.), the use and the place of the particle doon depends on what the emphasis is placed.

Neutral: Doon-naa dem Dakar
 Object emphasis: Dakar laa doon dem.
 Subject emphasis: Man, maa doon dem Dakar.

3. Past Habitual -- daan

There is a variant of the doon form, the particle daan which indicates that the action referred to took place habitually. It is the equivalent of the English "use to", examples:

Dama daan jangi bēs bu nekk.	I use to go to school everyday.
Lan ngē daan liggēy Amerik?	What did you (use to) do in America?
Daan ngē nelaw bëccëg?	Did you use to sleep in the day?

4. Negative -- doon

When the particle doon is used in the negative construction, the negative ending is attached to it. But a more common construction is the use of the particle -daan. When this particle is used the n at the end of daan is sometimes replaced by an optional w, yielding constructions like the following:

Man, daawumë lekk kaani.	I didn't use to eat hot pepper.
Daawuleen lakk Wolof.	You (plural) didn't use to speak Wolof.

5. Expressing "no longer" and "no more"

Astou dootul janq.	Astou is no longer a young girl.
Yow dootoo gan, gang ngē.	You are no longer a stranger, but a "regular".

In these sentences, dootul and dootoo take on the meaning of the verb "to be". In this case they are the negative counterpart of the di (see Chapter IV, Section III, Note 2.C.). To have the meaning "to be" the particle needs to be followed by a noun as in the above sentences. The construction "no longer" is obtained by inserting a t in the negative dumë, do, etc. The totality of the forms are given below:

	Singular	Plural
1st person	dootumë	dootuñu
2nd person	dootula/dootoo	dootuleen
3rd person	dootul	dootuñu

When used with a verb, the particle directly modifies that verb.

Dootul ñew Dakar.	He will no longer come to Dakar.
Dootumë ko def.	I don't do it anymore.

Sometimes instead of dootumë plus the verb, the construction is the verb plus tumë. Examples:

Ñew-ëtul Dakar.
 Defëtu ko.

If this construction is used, a vowel -ë or -a is used between the verb and the particle. This vowel has no particular meaning. It is a liaison vowel.

6. Expressing "not yet"

To express "not yet" the same construction as in Note 5 above is used except that the consonant -t is replaced by -g. A major difference though is that the only form that is used is the verb plus gumë.

Suma mag amëgul liggëéy.

My older sibling doesn't have a job yet.

Demëgumë Dakar.

I have not yet gone to Dakar.

Amëguloo jabar bë tey?

You still don't have a wife?

When the verb ends in a vowel, the liaison vowel -ë changes and becomes -ee (when the vowel is i) or oo when the vowel is u.

Añeguloo bë tey!
Sa xarit tukkéegul!
Sangooguloo!

You have not gone to eat yet!
Your friend hasn't travelled yet!
You haven't showered yet!

7. Contraction of the Predicator dafa-y

Dafay dem Dakar.

Day dem Dakar.

Dafa bay.

Day bay.

Dañu koy jaay.

Dañ koy jaay.

Dañu leen jëndël piis.

Dañ leen jëndël piis.

The third person singular dafay can always be replaced by its short form day.

The first person and third person plural dañu-y can be replaced by its short form dañ when it is directly followed by a pronoun.

SECTION IV: Q U E S T I O N S

Sambaag John lu nu-y def?

Nun lu nu-y def lēēgi?

Bi ngē nekkee xale am-nē foo daan dem bēs bu nekk?

Janq bi John di wax naka lē mel?

Sa coro/far naka lē mel?

Yow janq ngē?

Astou, janq lē bē tey?

Astou, lutax dootul janq?

Jēkkēru Astou doon nē jang anglais daaw?

Lēēgi lu mu-y def?

Yow, dangay wut liggēēy?

Sa xarit bii, amēgul liggēēy?

Astou liggēēyētul?

Astou, lutax liggēēyētuloo?

Yow, dootoo lekk hamburger bēs bu nekk?

Lutax loolu?

Yow, loo-y toppatoo?

Astou doon-nē liggēēy daaw?

Astou, bē kañ lē doon liggēēy?

Lēēgi lu mu-y def?

*SPECIAL DIALOGUE QUESTIONS

Ban waxtu moo jot?

Añ-něñu bë noppi?

Sambaag John, lu ñuy def?

Ci lan lěñu-y waxtaan?

John, lu mu doon jàng bi mu nekkee Amerik?

Yow nag, loo doon jàng bi ngě nekkee universite?

Neex-ně lé bë tey?

Lutax mu neex lé bë tey?

Lutax neexetu-lě?

John, lu mu bëgg jàng lěegi?

Mbirum koom-koom, neex ně lě?

Wolof ag francais bu lé daqal?

Wolof ag Nasaraan, bu ëpp njariñ ci sa liggēey?

John, fu mu daan jänge?

Sa baay fu mu daan jänge?

John, bi mu nekkee Amerik, jàng rek lé daan def?

Yow, danga daan liggēey walla dangě daan jàng?

Loo daan liggēey?

John, lu mu daan liggēey?

John, daan-ně noppëlu?

Yow nag, daawuloo noppëlu?

Lutax daawuloo noppëlu?

Amerik, lutax kenn du noppëlu?

Nammëguloō sa wa kër?

Lan ngě gën namm Amerik?

Yow dootoo ñibbi Amerik?

John, namm-ne waa kër-ëm?

John, bëgg-ně ñibbi?

Samba, bëgg-ně John ñibbi?

Lu mu ko wax?

Sa waa dëkk, bëgg něñu ngě ñibbi?

SECTION V: PROVERBS AND SAYINGS

1. Dumé' sa moroom.
2. Dafa ñakk kersé'.
3. Sikkim lé', gestoo ko yobbaale.
4. Ñakk teggin baaxul.
5. Baal mé' aq!

SECTION VI: WRITTEN EXERCISES

1. Put the following sentences in the past tense:

Maay sa xarit. _____

Kii mooy sa gan. _____

Jimmy Carter mooy peresidã. _____

Bóó ñewéé, damay jàng. _____

Bu xale bi ñewee, mangi jàng. _____

Fii, juroóm ñaari waxtu léñu-y reer. Amerik, _____

Fii, Wolof laay lakk. Amerik, _____

2. Negate the following sentences:

Sa baay daan-ñè naam àttaya. _____

Yow daan ngè nelaw bëccég. _____

Lēegi dangeen di lakk Wolof. _____

Fii dañuy lekke loxo. _____

Daan-naa gém guddi. _____

3. Translate into Wolof the following sentences:

What was Malick doing there? _____

What were you looking for? _____

When you came, we were sleeping. _____

My friend is tired, she was working all day. _____

What was he studying in the states? _____

What were the children doing a while ago? _____

A long time ago, I didn't use to eat rice. _____

4. Translate the following sentences into Wolof:

You are no longer in America. _____

You won't go to Paris anymore. _____

You don't have a wife yet? _____

He is no longer an American. _____

Salif will no longer go home. _____

He has not gone to town yet. _____

No, he won't go anymore, he is too tired. _____

I don't like the training program anymore, I want to go to my village.

VOCABULARY FOR CHAPTER XI

alkuraan (j.)	coran
arraw	to make little balls out of millet
bu-jèkk	before, the first
bëy (w.)	goat
bax/baxal	to boil
bojj	to pound, to separate the grains from the hull
bees	to winnow, to sift
dund	to live, to exist
dund (b.)	food, sustenance
dund (g.)	life
feēxlu	to rest in a cool place
fōot	to do laundry
fepp/pepp (w.)	grain
feen̄	to retrieve, to find again
fer	weaning period
foof	the second winnowing to remove the hull
gaawantu	to hurry, to make haste
genn̄	to go out
gurō (g.)	cola nut
ginaar (g.)	chicken
gunōor (g.)	insect
jiwu (j.)	seeds
jëfëndikōō	to use
jaxase	to mix
jëri	to ventilate, to air
kamb (g.)	hulled and sorted peanut seedlings
koom-koom	economy
layu (g.)	winnowing basket
leb	to borrow
lex (b.)	cheek
mat (st.)	to be sufficient, to be enough, to be complete
matt (m.)	firewood
mellookaan (w.)	signals, signs, indications
mbirum koom-koom	economics
moon̄	general preparation of couscous
nal	to squeeze the liquid from
namp	to nurse
nax	to fool
naxante	to fool, to play (one another)
niisaam	to be sluggish
njariñ (l.)	usefulness, utility, serviceability
njong (l.)	circumcision

ruuj	to clear, to turn the soil
ruus (st.)	to flake (dried skin)
pepp/fepp (w.)	grain
sangara (s.)	alcohol
sotti	to pour, to run
takk	to tie together, to bind, to link, to marry, to wear
tangaay (b.)	heat
tame	to sift
tēyē	to hold, to restrain
tōx	to smoke
waaxu	to walk fast
woy	to sing
xar (m.)	sheep
xolli	to peel
xulōō	to fight, to quarrel
yängël	to shake, to beat
yëy	to chew
yëy guró	chew cola nuts
yokku	to increase
yooy	to be thin, to lose weight

CHAPTER XII

SECTION I: EXPRESSING "LET ME" (ALLOW ME)

Naa dem balaa mu-y guddi.	Let me go before it's late.	Que je partes avant qu'il ne soit tard.
Në ñëw balaa mu-y guddi.	Let him/her come before it's dark.	Qu'il/elle vienne avant qu'il ne fasse nuit.
Në xale bi dem butig bë.	Let the child go to the store.	Que l'enfant aille a la boutique.
Në ngeen xaar bë ñu ñëw.	Please wait until we come.	Veillez attendre jusqu'a que nous venions.
Na ngë faj sa doom.	Please take care (cure) your child.	Veillez soigner votre enfant.
Na Aminata xaar ci biti.	Let Aminata wait outside.	Qu'Aminata attende dehors.
